

PENILAIAN AKHIR SEMESTER I
TAHUN PELAJARAN 2021/2022
Muatan Pelajaran : Bahasa Sunda

I. Pilih A, B, C atawa D pikeun jawaban nu bener!

Pek baca ku hidep!

PANGARUH GLOBALISASI

Samemeh medar ngeunaan pangaruh globalisasi, urang pedar heula ngeunaan harti kecap globalisasi. Ulah nepikeun ka nyaho kana kecapna, lantaran mindeng ngadenge atawa maca, tapi henteu nyaho kana maksudna.

Hidep oge tangru apal kana globe mah nya? Enya eta, peta bumi anu buleud saperti bal, mangrupa titiron tina planet bumi, tempat urang cicing ayeuna.

Tah, tina kecap globe nurunkeun kecap global anu ngandung dua harti. Kahiji, ngandung harti "sacara umum". Kadua, ngandung harti "aya patalina jeung dunya sarta ngawengku sakuliah dunya". Tina kecap global nurunkeun deui kecap globalisasi anu ngandung harti "asup kana lingkungan dunya". Maksudna mah, dina campur gaul bac upamana, urang henteu ngan saukur gaul jeung batur salembur atawa sanagara, tapi jeung bangsa-bangsa anu aya di sakuliah dunya.

1. Asal kecap globalisasi nyaeta
 - A. globe
 - B. global
 - C. globe
 - D. globalisasi
2. Globe nyaeta
 - A. asup kana lingkungan dunya
 - B. peta bumi anu buleud saperti bal
 - C. ngawengku sakuliah dunya
 - D. sacara umum
3. Kecap globalisasi hartina
 - A. asup kana lingkungan dunya
 - B. peta bumi anu buleud saperti bal
 - C. ngawengku sakuliah dunya
 - D. sacara umum

Globalisasi muncul raket patalina jeung kamekaran tehnologi. Anu karasa pisan mah dina widang informasi. Komo sanggeus aya internet. Urang bisa nyaho kajadian di mana bae di sakuliah dunya ngaliwatan internet. Henteu lila deuih. Malah bisa jadi harita keneh. Urang oge bisa ngayakeun hubungan jeung saha bae, urang mana bae, di mana bae ayana, ngaliwatan internet. Komo deui ayeuna, urang bisa ngakses internet tina hape. Sarta beuki dieu teh fasilitasna beuli lengkep tur gampang deuih.

Pangaruh globalisasi teh, aya alusna jeung aya gorengna deuih. Alusna, urang jadi leuwih loba kanyaho jeung pangaweruh, leuwih lega ambahan campur gaul, jeung leuwih loba luang pikahareupeun. Gorengna, babari asup jeung nerekabna pangaruh budaya deungeun, anu henteu saluyu jeung budaya bangsa urang. Malah bisa jadi ku mahabuna budaya deungeun, budaya urang sorangan kasilihkeun. Padahal urang miboga budaya anu kawilang beunghar. Tah, eta kabeungharan budaya teh mangrupa kaunggulan bangsa urang pikeun bersaing jeung bangsa sejen dina mangsa globalisasi. Lebar lamun budaya urang nepi ka laleungitan teh nya.

4. Globalisasi muncul raket patalina jeung kamekaran
 - A. ekonomi
 - B. social
 - C. industry
 - D. tehnologi
5. Pangaruh alus globalisasi pikeun kahirupan urang nyaeta
 - A. leuwih loba kanyaho
 - B. babarian asup jeung nerekabna budaya deungeun
 - C. budaya urang kasilihkeun
 - D. loba budaya nu teu saluyu jeung bangsa urang
6. Kiwari disebut-sebut mangrupa jaman globalisasi, dunya teh karasa beuki *heureut* bae. Sabalikna tina kecap *heureut* nyaeta
 - A. lega
 - B. jauh
 - C. heubeul
 - D. pendek
7. Kuring meuli baju anyar ka Pasar Baru. Sabalikna tina kecap anyar nyaeta
 - A. lega
 - B. jauh
 - C. heubeul
 - D. pendek
8. Manehna make calana panjang. Kecap sabalikna tina kecap anu dibere garis handap nyaeta
 - A. pendek
 - B. pondok
 - C. Heureut
 - D. lega

9. (untung) globalisasi pikeun kahirupan urang diantarana loba pangaweruh.
Kecap dina jero kurung kuduna
A. Piuntungeun
B. Kauntungan
C. Diuntungkeun
D. Untungna
10. Baheula mah mun ngobrol jeung nu anggang teh sok make ... teu cara ayeuna cukup
make
kecap nu merenah keur ngalengkepan titik-titikna, nyaeta
A. Koran - computer
B. kuda - motor
C. telepon - hp
D. keretek - truk
11. Urang kudu narekahan sangkan budaya sorangan heunteu ... ku budaya deungeun.
A. kasilihkeun
B. ngawengku
C. ambahan
D. mulan-malen
12. Mang Karta keur nyieun anyaman.
Kalimah pasif tina kalimah di luhur nyaeta
A. Mang Karta keur dijieun anyaman
B. Anyaman keur dijieun ku Mang Karta
C. Mang Karta anyaman dijieun
D. Anyaman keur nyieun Mang Karta
13. Bapa nuju ... koran di tepas
Kecap nu bener keur ngeusian titik-titikna nyaeta
A. maos
B. diaos
C. ngaos
D. pangaosan
14. Patlot keur diseukeutan ku Ina
Kalimah aktif tina kalimah diluhur nyaeta
A. Patlot keur nyeukeutan ku Ina
B. Ina keur diseukeutan patlot
C. Ina keur nyeukeutan patlot
D. Patlot keur nyeukeutan Ina
15. Gelas keur cai panas ku Mamah
A. nyician
B. dicician
C. naheur
D. ditaheur
16. Ku ayana Jalan Tol Soroja teh bisa leuwih ... mun ti Kota Bandung rek ka Soreang
Kecap nu merenah keur ngalengkepan titik-titikna nyaeta

- A. gampang
 - B. gampang
 - C. babari
 - D. gancang
17. Jalan tol the biasa oge disebut jalan bebas
- A. hambatan
 - B. parkir
 - C. setopan
 - D. eureun
18. Istilah kok aya dina olahraga
- A. maen bal
 - B. tenis meja
 - C. badminton
 - D. basket
19. Di lembur Mida loba nu miara ... kayaning hayam, domba, jeung sapi
- A. kulah
 - B. ingon-ingon
 - C. melang
 - D. rengge
20. Bulu hayam teh rupa-rupa, aya nu borontok jeung aya nu
- A. kulah
 - B. ingon-ingon
 - C. melang
 - D. rengge
21. Aki Dami boga ... Garut, tandukna oge mani renggah
Kecap nu merenah keur ngalengkepan titik-titikna nyaeta
- A. domba
 - B. hayam
 - C. kuda
 - D. manuk
22. Ayeuna mah di Ekek geus loba pabrik galede.
Kecap nu merenah keur ngalengkepan titik-titikna nyaeta
- A. Bojong
 - B. Ranca
 - C. Rawa
 - D. Tanjung
23. Penca mah lain dipirig ku bedug tapi ku
- A. tarompet
 - B. gamelan
 - C. goong
 - D. kendang
24. Nu penca biasana make baju
- A. daster
 - B. jas

- C. kabaya
D. pangsi
25. Nu sok tunggal teunggeul disebutna
A. hampang birit
B. beurat birit
C. hampang leungeun
D. panjang leungeun
26. Pakakas anu kaasup tehnologi modern nyaeta
A. mutu
B. boboko
C. blender
D. katel



27. Ngaran kadaharan dina gambar di gigir nyaeta
A. dodol
B. awug
C. putri noong
D. nagasari
28. kadaharan radisional ti Garut nyaeta
A. dodol
B. awug
C. peuyeum
D. tahu umedang
29. Mun jadi jalma beunghar tong **gede hulu**.
Kecap **gede hulu** hartina
A. sombong
B. beunghar
C. bageur
D. koret
30. Koran keur dibaca ku bapa.
Kalimah aktif nu bener nyaeta
A. Koran ku bapa keur dibaca
B. Bapa keur maca koran
C. Bapa keur maos koran
D. Koran keur diaos ku bapa

II. Eusian titik-titik ku kecap nu merenah nu geus disadiakeun!

31. Baheula mah ngangkut pare teh kana...., teu cara ayeuna kana truk.
32. Maca buku ulah dinu poek. Maca buku kudu di nu
33. Di urang mah, jalan tol ngan keur Wungkul
34. Anu getol mah tara ka sakola
35. Tauco nyaeta kadaharan tradisional nu asalna ti
36. Salian ti jujukutan, kabeuki teh sintrong jeung wortel
37. Mang Dadi the padagang sayuran di Pasar ... Kolot
38. Pencak Silat asalna ti
39. Nu hese dititah disebutna
40. Nu ngajaga gawang dina olahraga sepak bola disebut

- A. Beurat birit
- B. Caang
- C. Kabeurangan
- D. Kelenci
- E. Indonesia
- F. Kiper
- G. Mobil
- H. Cianjur
- I. Dayeuh
- J. gorobak